# Jańa suw bólistiriwshi konstrukciya iske qosıldı

Búgin Ellikqala rayonında Bostan kanalınıń shıǵıs bóliminde qurılǵan gidrotexnikalıq suw bólistiriwshi konstrukciyalarınıń ashılıw máresimi bolıp ótti.




Onda rayon hákimleri, Jáhán bankı missiyası aǵzaları, suw xojalıǵında sırt el investiciaların ámelge asırıw orayı hám tiyisli taraw wákilleri, sonday-aq, aymaq turǵınları qatnastı.




Aytıp ótiw orınlı, Paydalanıwǵa tapsırılıp atırǵan suw bólistiriwshi konstrukciyalar Ellikqala, Beruniy hám Tórtkúl rayonlarına tiykarǵı suw bólistiriwshi orın bolıp, aǵın suwdıń nátiyjeli jumsalıwı hám bólistiriliwinde úlken áhmiyetke iye esaplanadı.

